



Fason pou Chwazi Gadri nan Vil New York

Sa Chak Paran Dwe Konnen

Fason pou Chwazi yon Kote ki Pwoteje ak Akeyan

Yon bon gadri se yon gadri ki pi plis pase bebisiting. Li ankouraje timoun yo jwe ak aprann nan yon anviwònman ki ankourajan, akeyan ak pwoteje.

Gouvènman Vil New York bay lisans pou sant gadri yo, li kontwole yo epi li enspekte yo pou pwoteje sante timoun yo.

Itilize tiliv sa a pou gide rechèch ou pou gadri epitou pou aprann kisa lalwa egzije.

Pran tan ou epitou mande èd

Si ou kapab, bay tèt ou omwen twa (3) mwa:

- Mande manm fanmi, zanmi ak vwazen pou yo rekòmande ou kote yo oswa pou yo fè ou konnen sa pou evite.
- Rele 311 oswa ale sou sitwèb [nyc.gov/health/childcare](https://www.nyc.gov/health/childcare) pou jwenn non sant gadri ki gen lisans nan katye ou epitou pou revize rezilta enspeksyon yo.
- Konpare chwa gadri ki disponib yo (gadri angwoup, gadri ki baze nan kay, pwogram ki baze nan lekòl ak pwogram pou timoun ki gen laj pou lekòl ak kandete).

Gade pou tèt ou

Vizite chak sant gadri.

- Èske anplwaye yo chalere ak amikal? Èske yo pale avèk timoun yo avèk afeksyon ak respè, epitou èske yo koute timoun yo avèk enterè? Èske yo trete timoun yo byen – san yo pa janm rele sou yo, san yo pa ponyen timoun oswa san yo pa move sou timoun yo?
- Èske timoun yo sanble kontan?
- Èske yo sipèvize timoun yo toutan, andedan tankou deyò?
- Èske gen anpil jwèt ak ekipman (blòk, jwèt kastèt, liv, ajil, enstriman mizik) ak aktivite pou ede timoun yo devlope ak aprann?



Poze kesyon

- Ki lang anplwaye yo pale?
- Ki kantite èdtan ki genyen? Èske sant gadri a louvri nan jou wikenn?
- Èske ou kapab ale nan randevou nenpòt lè? (*Repons lan ta dwe “wi”!*)
- Èske ou bezwen pote kouchèt oswa lòt atik?
- Ki frè pou peye? Fanmi ki pa touche ase revni yo ka kalifye pou sèvis gadri ki gratis oswa pou pri ki ba oswa pou yon kredi nan taks sou revni (*rele 311 pou konnen si ou kalifye*).

Sa Lalwa Egzije

Sant gadri a dwe gen lisans kòrèkteman epitou li dwe pase enspeksyon

- Depatman Sante (Health Department) Vil New York ak Depatman Sèvis Timoun ak Fanmi (State Office of Children and Family Services) Eta New York kontwole anviwònman gadri yo. Depatman Sante fè enspeksyon yo epi yo bay pèmi, lisans ak anrejistreman pou sant gadri Vil New York.
- Founisè sèvis gadri a dwe afiche yon lisans ki ajou sou miray kote ou kapab wè li.
- Sant gadri yo dwe respekte règleman Depatman Ponpye ak Konstwiksyon (Fire Department and Buildings Department).

Yo dwe fè ankèt sou tout moun k ap travay oswa k ap viv nan sant gadri yo pou yo kapab avèk timoun yo

- Tout anplwaye pwogram nan, volontè yo ak moun ki nan kay sèvis gadri ki baze nan kay epi ki gen laj 18 tan oswa plis dwe anba yon ankèt kriminel pou abi/move tretman sou timoun.
- Yo dwe fè ankèt sou anplwaye ki bay sèvis transpò timoun epi k ap travay pou sant gadri a oswa pou youn nan antreprenè sant gadri a tou.
- Anplwaye yo dwe gen bon sante, jan yon pwofesyonèl swen sante konfime sa, epitou yo dwe fè yon tchekòp medikal.

Règleman sekirite egzije pou tout sant gadri yo:

- Gen plis pase yon plan pou soti deyò ak yon plan pou depasman rapid si gen ijans.
- Gen ekipman twalèt ak evye apwopriye ki gen savon ak papye ijyenik.
- Kouvri radyatè ak tiyo nan chanm kote timoun yo ka ye. Yo pa ka itilize radyatè pòtatif nan chanm sa yo.
- Enstale baryè nan fenèt yo.
- Enstale baryè pou anpeche timoun yo naje nan pisin yo oswa nan lòt kote ki gen dlo. *(Ou dwe bay pèmasyon alekri pou pitit ou itilize pisin nan.)*
- Gen yon telefòn ki fonksyone epi afiche nimewo telefòn pou ijans.
- Respekte règleman Depatman Transpò (Department of Transportation) Eta New York si yo bay sèvis transpò epitou si yo resevwa apwobasyon paran pou yo bay sèvis transpò pou timoun ki nan gadri a.

Règleman yo egzije pou tout pwogram k ap pran swen tibebe bay yon anviwònman pwoteje pou dòmi ki gen ladan:

- Plasman tibebe yo sou do yo pou pèmèt yo fè mouvman pandan y ap dòmi.
- Itilizasyon bèso ak ti basen sèlman ki gen apwobasyon Komisyon Sekirite Pwodui

Konsomasyon nan Etazini (U.S. Consumer Product Safety Commission).

- Kenbe zòn pou dòmi an san arebò, jwèt, kouvrelou, zòrye oswa pozisyonè tibebe sof si doktè preskri yo.
- Entèdiksyon itilizasyon chèz pou bebe nan vwati.

Règleman sante egzije pou tout sant gadri yo:

- Konfime timoun ki enskri yo te fè yon egzamen fizik konplè epi yo te resevwa tout vaksen obligatwa yo.
- Gen yon plan swen sante ki apwouve.
- Jwenn apwobasyon pou bay medikaman (ki pa pomad san preskripsyon) pou timoun yo.
- Jwenn konsantman alekri yon paran pou jwenn swen medikal pou ijans, si li nesesè.
- Mete yon twous premye sekou disponib.
- Entèdi anplwaye yo pou yo fimen sigarèt oswa bwè alkòl oswa pran dwòg pandan orè gadri a.
- Gen yon moun k ap pran swen timoun nan gadri a ki sètifye nan C.P.R.
- Fè yon paran konnen si yon timoun ki nan gadri a malad oswa blese.



Koneksyon nan Gadri Vil New York

- **Anrejistre** non ou pou resevwa dènve enfòmasyon yo nan tèks ak imèl konsènan pwogram ou.
- **Resevwa** avi sou nouvo rapò enspeksyon yo oswa lè nouvo pwogram ki gen pèmision yo louvri nan zòn ou.
- **Chèche** epi konpare pwogram swen pou timoun ki tout kote nan vil la.
- **Aprann** etap founisè sèvis yo dwe fè pou pwoteje pitit ou.

Ale sou sitwèb nyc.gov epi chèche **NYC Child Care Connect** (Koneksyon nan Gadri Vil New York) **JODI A MENM!**



Anvan ou enskri pitit ou, ale sou sitwèb la plis pase yon fwa.

Mande tèt ou

- ✓ Èske pitit mwen pral aprann ak epi èske l ap kontan isit la?
- ✓ Èske mwen alèz pou kite pitit mwen isit la?
- ✓ Èske mwen gen mwayen pou peye frè yo isit la?

Plis Enfòmasyon

- Si pitit ou gen laj 4 tran, chèche jwenn plis enfòmasyon sou **Pre-K for All** sou sitwèb nyc.gov/PreK.
- Pou konnen si ou kalifye pou gadri ki gen sibvansyon, rele 311 oswa ale sou sitwèb nyc.gov/acs.
- Pou jwenn plis enfòmasyon sou pwogram leta kontwole yo, tankou gadri ki baze nan kay oswa gadri pou timoun ki nan laj pou lekòl, ale sou sitwèb ocfs.ny.gov.

**Pou jwenn tiliv sa a nan lòt lang, rele 311
oswa ale sou sitwèb nyc.gov.**

**Pou rapòte nenpòt sant gadri ou panse
ki pa ansekirite, ki pa bon pou sante ou,
oswa k ap opere ilegalman,
rele 311 epi mande pou gadri.**